दिन–बुधवार दिनांक–13.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के अध्यक्षता मे भेल कैबिनेटक बैसक मे कुल अठारह एजेंडा पर मोहर लगाओल गेल अछि। प्रमुख एजेंडा मे गृह विभागक आरक्षी शाखाक अंतर्गत राज्यक पांच नव जिला मे पुलिस अधीक्षक ग्रामीणक पद के सृजनक निर्णय सम्मिलित अछि। ई पांच जिला अछि– पूर्वी चंपारण, समस्तीपुर, मधुबनी, वैशाली आ सीवान। एहि जिला सभ के अपराध आ सांप्रदायिक रूप सँ अत्यंत संवदेनशील जनाओल गेल अछि। श्री चौधरी कैबिनेटक बैसक मे सरकारी कर्मचारी आ पेंशनभोगी सभक लेल मंहगाई भत्ता बढ़ेबाक जनतब दैत जनौलनि जे सातम वेतनमानवला कर्मचारी आ पेंशनभागी सभक मंहगाई भत्ता अंठावन प्रतिशत सँ बढ़ा कऽ साठि प्रतिशत कऽ देल गेल अछि। इलेक्ट्रिक वाहन सभ के बढ़ावा देबाक लेल सरकार एहि वाहन सभक खरीद पर सब्सिडी देबाक योजना बनौलक अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे इलेक्ट्रिक वाहन नीति दू हजार तेईसक अंतर्गत महिला लोकनि सहित आन वर्ग सभ के सेहो डीबीटी के माध्यम सँ प्रोत्साहन राशि देल जायत। एम्हर, राज्य सरकार किशनगंज मे सीआईएसएफ ट्रेनिंग सेंटरक लेल एक सय दस दशमलव एक दू एकड़ जमीन केन्द्रीय गृह मंत्रालय के निःशुल्क हस्तांतरित करबाक लेल स्वीकृति देलक अछि। उच्च शिक्षा के बढ़ावा देबाक लेल राज्यक महाविद्यालय सभ मे एक सय बत्तीस नव पद के सृजनक सेहो मंजूरी भेटल अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी प्रदेशवासी सभ सँ ईंधनक बचत के लेल जरूरतहि पड़वा पर वाहनक उपयोग करबाक अपील कयलनि अछि। श्री चौधरी कहलनि जे ऊर्जा संकट के देखैत नागरिक सभ के ईंधनक बचत करबाक चाही। ओ लोक सभ सँ इलेक्ट्रिक वाहनक खरीद आ एकर इस्तेमाल पर सेहो जोर देलनि। मुख्यमंत्री अपन कारकेड मे वाहनक संख्या न्यूनतम रखबाक निर्णय लेलनि अछि।

---

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे सभ राजस्व कर्मचारी अपन–अपन हल्का मे सप्ताहक पांच दिन काज करताह। श्री जायसवाल अचंलाधिकारी सभ के जारी निर्देश मे कहलनि जे प्रतिदिन कार्यालय मे होबऽवला बैसक के समाप्त कऽ राजस्व कर्मचारी लोकनि के अपन हल्का मे उपस्थिति सुनिश्चित कयल जाय।

———————————————————————

जनगणना दू हजार सत्ताईसक पहिल चरण दू मई सँ एकतीस मई धरि चलत। एकर अंतर्गत पहिल चरण मे मकान सूचीकरणक काज कयल जा रहल अछि। जनगणना कार्य निदेशालयक मुख्य प्रधान जनगणना अधिकारी सह निदेशक रंजीता आकाशवाणी समाचार सँ विशेष गपशप मे जनौलनि जे मकान सूचीकरणक अंतर्गत प्रगणक स्वगणना के दरमियान दर्ज गलत जनतब के संशोधित कऽ सकताह। ओ लोक सभ सँ एहि मध्य साईबर फ्रॉड के लऽकऽ सतर्क रहबाक अपील कएलनि।

———————————————————————

मौसम विभाग आइ जमुई, बांका, खगड़िया, बेगुसराय, दरभंगा, समस्तीपुर आ सहरसा सहित कतेको जिला मे वर्षा आ वज्रपात के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि दरमियान धूल भरल अन्हर–बिहारि के सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि। मौसम विभाग जनौलक जे एहि वर्ष मॉनसूनक आगमन निर्धारित समय सँ पहिने होयबाक संभावना अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक उत्तर–पूर्व जिला सभ मे तेज हवा चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ चलि सकैत अछि। संगहि, मेघगर्जन आ वज्रपातक संग वर्षा होयबाक सेहो संभावना अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना, अररिया आ कटिहार सहित प्रदेशक छओ जिला सभ मे काल्हि ब्लैक आउट मॉक ड्रिलक आयोजन कयल जायत। मॉक ड्रिल के अंतर्गत काल्हि सांझ सात बजे सँ सात बाजि कऽ दस मिनट धरि पूर्व निर्धारित नागरिक सुरक्षा अभ्यासक अंतर्गत ब्लैक आउट कयल जायत। पटनाक जिलाधिकारी त्यागराजन एसएम जनौलनि जे एहि दरमियान आपातकालीन सेवा सभ के छोड़ि कऽ सभ सार्वजनिक लाईट बंद कऽ देल जायत। जिलाधिकारी लोक सभ सँ अपन घर, दोकान आ औद्योगिक प्रतिष्ठानक सभ लाईट सेहो बंद रखबाक अपील कयलनि अछि।

———————————————————————

जदयूक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सीतामढ़ी मे सांसद देवेशचंद्र ठाकुर के आवास पर नेता आ सर्मथक सभ सँ भेट कयलनि।

दरभंगा शहरक रामबाग किला गेट लऽग आइ भोर चेन छिनबाक घटनाक विरोध कऽ रहल एक युवकक अपराधी सभ गोली मारि कऽ हत्या कऽ देलक।

बेगुसराय जिलाक बखरी थाना अंतर्गत सोनमा गाम मे विवाह समारोहक दरमियान एक विस्फोटक घटना मे गोटेक आधा दर्जन लोक घायल भऽ गेलाह।

————————————————————————————

समाप्त